

Sispan fòse viktим tranbleman te a kite kan yo.

Aksyon ki pou fèt:

Siyen lèt sa a, ki egzije ke yo rekonèt e yo kontinye defann dwa moun ki deplase anndan peyi a.

Apre tranbleman 12 janvye a, plis pase 2 milyon Moun ki te chape kite rès kay yo ki te detwi te chache refij nan kan ki bati sou tè(tèren) ouvè.

Gouvènman Ayiti a ak pwopriyetè prive yo ekspilse plizye milye rezidan nan kan sa yo, san yon altènatif valab pou demenaje yo, e gen nan kèk kan sa yo san yo pa menm gen yon altènatif.

22 avril, Nasyonzini (ONU) ak gouvènman ayisyen an te dakò nan yon moratwa imedyat de twa semèn sou ekspilson ki ekspire Jedi 13 Me. Nan peryòd sa a, rapò ekspilson yo kontinye , Èd imanitè, ki gen ladanl manje, dlo ak sanitasyon pou reskape yo, te kanpe nan kan (1, 2). Kèk lòt kote, la polis te abize ak maltrete rezidan yo. Moun ki pi afekte pa tranbleman tè a,tankou moun ki te pèdi fanmi yo, kay ak tout sa yo te genyen, kounye ap viv nan perèz kote ke yo ka fòse yo ak vyolans pou yo kite etablisman kote yo refije deja san pa gen yon opsyon valab pou demenajman an (ekspilson) an (2).

Aksyon sa yo entèdi pa prensip rektè ki nan Nasyon Zini sou deplasman Entèn yo. Prensip L'ONU yo, ki baze sou lwa entènasyonal imanitè ak enstriman dwa moun yo, etabli yon bon plan pwoteksyon pou dwa moun ki deplase yo, an patikilye dwa a sèvis debaz yo (manje, dlo, lojman, edikasyon, sèvis medikal ak sanitasyon) Epi yo dwe pwoteje kont vyolans (4). Lè dwa sa yo pa respekte, òganis (Kò) yo oblige rele pati ki konsène yo pou yo ka fe respekte yo (5).

Espesifikman, Koòdonatè kan an ki nonmen pa Cluster nan CCCM OCHA a responsab pou devlope yon estrateji pou de deplasman poufèmen kan pandan ke yap asire ke tout kondisyon pou deplase moun yo respekte selon nom ki gen ladan enpòtans obligasyon gouvènman ak dwa moun (7, 8).

Tèks referans

Kòm mandatè demand sa a, nou enkyè anpil (ijan) sou move tretman moun ki deplase ki ap deloje pa lafòs e san volonte yo nan kan yo san yon altènatif valab. Nou voye yon apel bay gouvènman Ayiti a, Nasyon Zini yo, espesyalman sekirite e otorite dwa moun ak OCHA, pou fe respekte dwa moun ki deplase yo ak yon aplikasyon de yon politik rapid sou defans dwa moun sa yo.

Nou mande pou yo met yon fen imedyat ak ekspilsyon fòse yo e devlope yon system de kontwòl pou asire ke vyolans ak vyolasyon yo pa kontinye. Yon pwoesisis transparans pou ka gen je sou moun ki ap viv nan kan yo kote dwa moun ak pwoteksyon viktim tranbleman tè yo respekte, pou rekiperasyon nasyonal la rive fet nan respe diyite tout moun, yon manye pou rann pi fasil kominote yo eksprime bezwen esansyel yo..

Espesyalman, nou rele moun ki responsab ak moun ki kapab mete an mach:

1. Yon ekspansyon, pwoteksyon ak ekstansyon nan dat limit pou moratwa deplasman fòse yo: èkspilsyon ak/ oswa absòpsyon san volonte nan tout zòn nan kan yo ta dwe sispann ofisyèlman pou 90 jou anplis pou pèmèt yo ka rewè e etidye altènatif yo.
2. Yon sistèm siveyans endepandan: gwoup pwoteksyon OCHA ("Cluster Pwoteksyon"), Seksyon Dwa Moun nan MINUSTAH ak lòt moun ki enterese sou dwa moun, san w pa blyiye sosyete sivil an Ayiti, imedyatman yo dwe devlope yon sistèm kolaborasyon obsèvatè endepandan nan zòn kote moun deplase entèn yo an danje paske yo ka deplase yo (fè yo soti) nan kominote yo san okenn preparasyon pou yo ta mete yo yon lot kote.
3. Konsiltasyon komite ki sot nan zòn nan:
reprezantan kominote yo ak sosyete sivil, espesyalman fanm ak jèn yo, ta dwe enkli nan tout pwoesisis planifikasyon, Pote solisyon parapò a kilti a ki enpòtan pou ankouraje respè ak sipò pou detèminasyon nou. Pou yon bon jan solisyon valab nan kesyon reyentegrasyon, li nesesè pou moun ki afekte yo ak sa ki eresponsab pou fe deplasman yo ta chita pale pou konn ki pi bon fason pou sa dwe fet.

Se poutèt sa nan enfliyans li ak responsabilite pou ede moun ki chape nan tranbleman tè a, nou mande moun sa yo pran tout mezi ki apwopriye pou anpeche yon lòt trajedi an Ayiti:

- Prezidan René Garcia Preval, Repiblik Ayiti
- Paul Antoine Bien-Aimé, Ministè Enteryè ak Teritwa Kolektif an Ayiti
- William J. Clinton, delege espesyal an Ayiti, nan Nasyon Zini
- Edmond Mulet, reprezantan espesyal sekretè jeneral Nasyon zini a an Ayiti
- Niels Scott, tèt Biwo pou Kòdinasyon nan Zafè imanitè (OCHA) an Ayiti
- Michel Forst, Ekspè endepandan sou Dwa Moun nan Nasyon Zini an Ayiti
- Walter Kälin, reprezantan Sekretè Jeneral sou dwa moun nan (UNHCR)
- Nigel Fisher, Koòdinatè nan Nasyon Zini sou zafè imanitè, Ayiti
- Lizbeth Cùllity, Aktyèl Chèf, Seksyon Dwa Moun MINUSTAH, Ayiti
- Matt Huber, ansyen ofisye operasyon, Organizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OIM), Ayiti

Co-signers:

- ActionAid Haiti
- Bagay Dwol Haiti Relief Fund
- Canada Haiti Action Network
- CAPAS
- Centre Medical Social Port au Prince: Carine cjosecelyn@diasporacs.org
- Fondation Écosophique Caonabo
- Konbit pou Ayiti (KONPAY)
- Haitian American Organization for Social & Economic Development (HAOSED)
- Health Empowering Humanity
- Hesperian Foundation
- Honor and Respect Foundation
- Human Rights Accompaniment In Haiti
- Institute for Justice and Democracy in Haiti
- International Action Ties
- Lambi Fund
- Mennonite Central Committee U.S. Washington Office
- Pax Christi Ayiti
- People's Health Movement-USA
- Quixote Center
- Sant Kominitè Alternatif Lapè (SAKALA)
- Sustainable Organic Integrated Livelihoods (SOIL)
- Terre des Jeunes Haïti/Ayiti
- TransAfrica Forum
- Unity Ayiti: Boston Solidarity with Haiti
- University of Missouri Peace Studies Program
- University of Missouri Faculty Staff and Students CONCERNED About Democracy and Public Knowledge

- World Service of Mercy
- You. Me. We.